

Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

Lis kontwòl pou bèt ak dezaz

Bèt domestik nou yo bannou anpil plezi e nou renmen yo. En retou, yo depann de nou pou sekirite yo ak byennèt yo. Pibon fason pou asire sekirite fanmi w se pou pare kò w grisa yon plan pou dezaz. Si ou gen yon bèt domestik, plan sa a dwe entegre bèt yo ladan l. Si w pare, sa gen dwa sove lavi anpil moun.

Aprann bay bèt premye swen

Chen ak chat se plis pase bèt sèlman—yo nan fanmi w. E menm jan ak pou lòt moun nan fanmi w, bèt domestik yo merite pou yo swen ak pwoteje yo. Se pou sa Kwa-Wouj Ameriken te envante Premye swen pou chen ak Premye swen pou chat, tiliv gid konplè pou ede w kenbe bèt ou an sante ak an sekirite. Pou responsabilite debaz, tankou kastrasyon/sterelizasyon e kijan pou bay medikaman, jere ijans kadyak e pare pou dezaz, gid sa yo ofri mèt bèt yo enfòmasyon yo kapab itilize.

Kontakte sikisal lokal ou pou achte liv gid ak twous premye swen yo oswa konekte w nan Magazen Kwa-Wouj la pou wè tout prodwi ki disponib yo.

Kijan mwen kapab pare kò m?



Fè plan pou pran bèt yo avèk ou lè w ap evakye. Si gen danje pou w rete, gen danje pou yo tou.

- Konnen ki otèl ak ki motèl ki sou evakyasyon ou ki pral aksepte pran ni oumenm ni bèt ou pandan yon ijans. Rele ann avans pou rezèvasyon si w konnen ou kapab bezwen evakye. Mande se yon kapab pa aplike politik entèdiksyon bèt pandan yon ijans.
- Pifòabri Kwa-Wouj yo pa kapab aksepte bèt poutèt kesyon sante ak sekirite ansanm ak lòt kesyon toujou. Bèt sèvis ki ede moun ki andikape otorize vini nanabri Kwa-Wouj yo.
- Konnen ki zanmi, ki fanmi, ki etablisman pou lojman ak repa, kiabri pou bèt oswa veterinè ki kapab swen bèt ou yo pandan yon ijans. Pare yon lis avèk nimewo telefòn ou kapab rele.
- Menmsi bèt ou yo gend wa pi konfòtab si yo ansanm, pare kò w pou mete yo nan lojman ki separe.
- Fè bèt ou patisipe nan egzèsis evakyasyon yo pou yo abitye antre e deplase kalmeman nan bwat pou transpòte yo.
- Asire w bèt ou te pran tout vaksen li e asire chat ak chen genyen kolye nan kou yo ki kapab idantifye yo avèk presizyon e ki byen tache. Anpilabri pou bèt egzije yon prèv bèt late pran tout vaksen li yo pou redwi pwopagasyon maladi yo.
- Wè si veterinè a pa kapab mete yon mikwopis (microchip) anba po bèt ou a.

Kisa mwen ta dwe fè?



Òganize yon twous pòtab avèk yon rezèv pou ka ijans pou bèt ou yo.

- Kenbe atik yo nan yon kote ki aksesib e ranje yo nan kontenè ki solid pou w kapab pote yo fasilman. Twous ou ta dwe genyen—
 - Lès, arnè e/oswa bwat ki solid pou transpòte bèt yo san danje e pou asire yo pa kapab chape.
 - Manje, dlo pou bwè, bòl, bak/bwat pou chat la fè twalèt li ansanm ak yon ouv-bwat ki pa elektrik.
 - Medikaman ak kopi dosye medikal ou mete andedan yon kontenè ki pa kite dlo antre.
 - Yon twous premye swen. Foto resan oumenm avèk bèt ou (yo) sizoka yo ta pèdi. Poutèt gen anpil bèt ki sanble, sa pral ede elimine konfizyon nan idantite bèt yo.
 - Enfòmasyon konsènan orè alimantasyon, eta sante, pwoblèm konpòtman ak non enimewo veterinè w sizoka ou ta dwe plase bèt ou kay lòt moun oswa enskri nan yon etablisman lojman.
 - Kabann bèt la ak jwèt li, si yo kapab transpòte fasil.

Konnen sa pou w fè pandan dezaz la ap pwoche.

- Souvan, yo emèt avètisman plizyè lè, oswa menm plizyè jou alavans. Depi ou santi dezaz la ap rive, aji pou pwoteje bèt ou.
- Rele alavans pou konfime plan òganizasyon nanabri ijans lan pou oumenm ak pou bèt ou yo.
- Asire w tout bèt yo gen kolye yo nan kou yoki byen tache e ki gen enfòmasyon idantifikasyon ki resan.
- Tcheke si rezèv nan ka dezaz pou bèt ou pare pou w kapab pran yo rapidman.
- Mennen bèt yo andedan an pou w pa bezwen chèche yo si w bezwen ale rapidman.

Aprè yon dezaz ...



- Konpòtman bèt yo gen dwa chanje anpil aprè yon dezaz, yo gen dwa tounen agre-sif oswa defansif, kifè okipe byennèt yo e pwoteje yo kont danje yo pou asire sekirite lòt moun ak lòt bèt.
- Siveye bèt ou yo sere e kenbe yo anba kontwòl dirèk ou poutèt baryè ak kloti yo petèt te sibi domaj.
- Bèt yo gen dwa dezoryante, espesyalman si dezaz la te afkte makè odoran yo ki anjeneral pèmèt yo jwenn kay yo.
- Detekte danje ki egziste ki onivo nen oswa pat oswa sabo bèt yo, espesyalman debri, prodwi chimik ki tonbe atè ansanm ak lòt sibstans ki pa sanble yo ta danjre pou moun.
- Konsilte veterinè w si pwoblèm konpòtman yo kontinye.

Plan aksyon dijans pou fanmi w ta dwe entegre bèt ou yo tou—tout bèt ou yo.

Pou kapab jwenn enfòmasyon konsènan aksyon planifikasyon ak ijans ou ta dwe pran pou betay, chwal, zwèzo, reptil oswa pou lòt ti bèt, tankou gèbiy (yon kalite wonjè) ak amstè, tanpri ale nan RedCross.org. Sosyete pwoteksyon bèt Ozetazini (United States Humane Society, www.HSUS.org) oswa nan Ready.gov.

Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w te sibi yon dezaz, enskri w sou sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken ki rele Ameriken An sekirite e anfòm ki disponib grasa RedCross.org/SafeandWell pou kite fanmi w ak fanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele **1-866-GET INFO** pou kapab enskri tèt ou ansanm ak fanmi w.